



NYSITELL
Enfòmasyon Pou Paran Sou
Egzamenn Pou Idantifye
Elév K ap Aprann Angle (NYSITELL)

Lekòl piblik nan Eta Nouyòk di nou onè! Misyon Depatman Edikasyon Eta Nouyòk (NYSED an angle) Biwo Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal (OBEWL an angle) pran angajman pou tout elèv nan Eta Nouyòk (NYS an angle), ansanm ak Elèv K ap Aprann Angle (ELLs an angle)/Elèv K ap Aprann nan Plizye Lang (MLLs an angle), opòtinite pou yo gen siksè akademik nan pi wo nivo epi pou yo devlope konpetans nan lang. Nou fè efò pou nou bay chak elèv sa yo bezwen onivo akademik ak onivo sosyo-emosyonèl nan diferan lang pou nou prepare yo pou kolèj ak karyè pwofesyonèl.

ENTWODIKSYON

Lè ou te enskri pitit ou nan lekòl la ou te di nou lang manman li oswa lang li pale lakay li se pa angle e yon edikatè te fè yon entèvyou ak li pou yo wè si li bezwen plis sipò nan lang angle. Enfòmasyon yo te rive jwenn pandan entèvyou a montre pitit ou gen dwa kalifye pou sèvis Angle kòm Dezyèm Lang e yo gen dwa idantifye l kòm yon Elèv K ap Aprann Angle/yon Elèv K ap Aprann Plizye Lang. Pou nou konfime si pitit ou elijib pou li resevwa sipò nan lang angle, n ap bay pitit ou a Egzamen pou Idantifye Elèv K ap Aprann Angle (NYSITELL an angle).

KI OBJEKTIF NYSITELL LA?

Yo bay egzamen NYSITELL la pou evalye nivo angle nouvo elèv ki pa pale angle kòm lang manman yo oswa ki pa pale angle lakay yo. Nivo pitit ou nan egzamen NYSITELL la (Debitan, Emèjans, Tranzisyon, Ekspansyon oswa Metriz) pral detèmine si li gen dwa pou l resevwa sèvis pou Elèv K ap Aprann Angle epi nivo sipò li kapab resevwa nan lang angle. Rezilta egzamen an pral ede pwofesè pitit ou planifye pwogram ki apwopriye pou pitit ou dapre pèfòmans li nan Koute, Pale, Li ak Ekri lang angle.

KI LÈ YO BAY EGZAMEN NYSITEL LA?

Yo bay Elèv K ap Aprann Angle ak Elèv K ap Aprann nan Plizye Lang (ELLs/MLLs an angle) egzamen NYSITELL yon sèl fwa apre li fin enskri nan sistèm eskolè Eta Nouyòk.

KI KALITE KESYON YO POZE ELÈV YO?

Egzamen NYSITELL gen kesyon achwa miltip, kesyon ki egzije repons kout alekri, kesyon ki egzije repons long alekri ak kesyon ki egzije repons aloral parapò ak ladrès sa yo: Koute, Pale Li ak Ekri.

KÒMAN MWEN KA JWENN REZILTA EGZAMEN YO?

Lekòl pitit ou ap voye yon lèt pou yo fè ou konnen nivo pèfòmans pitit ou ak desizyon ou kapab pran. Si yo idantifye pitit ou kòm yon ELL/MLL, ou dwe patisipe nan reyinyon oryantasyon pou paran kote w ap jwenn enfòmasyon sou pwogram ELL ki disponid pou pitit ou.

KI SA NIVO KONPETANS YO VLE DI?

Dapre nivo piti ou nan egzamen NYSITELL la, yo kapab konsidere li kòm yon Elèv K ap Aprann Angle/Elèv K ap Aprann nan Plizyè Lang (ELL/MLL an angle). Tablo anba a bay deskripsyon nivo konpetans yo.

Nivo	Deskripsyon Konpetans nan Lang Angle	
Antre (Debitan)	Yon elèv ki nan nivo debitan demontre li bezwen bon jan sipò ak estrikti pou li devlope ladrès nan langaj akademik e li poko satisfè egzijans lengwistik ki nesèsè pou li demontre konpetans an angle nan diferan kontèks akademik.	Eligibite pou Sèvis
Emèjans (Entèmedyè Fèb)	Yon elèv ki nan nivo emèjans bezwen sipò ak estrikti pou li devlope ladrès nan langaj akademik e li poko satisfè egzijans lengwistik ki nesèsè pou li demontre konpetans an angle nan diferan kontèks akademik.	
Tranzisyon (Entèmedyè)	Yon elèv ki nan nivo tranzisyon demontre li plizoumwen endepandan nan devlope ladrès li nan langaj akademik. Yon elèv ki nan nivo sa a poko satisfè egzijans lengwistik ki nesèsè pou li demontre li konpetan an angle nan diferan kontèks akademik.	
Ekspansyon (Avanse)	Yon elèv ki nan nivo avanse demontre li gen bon jan endepandans nan devlope ladrès li nan langaj akademik. Elèv ki nan nivo sa a pa lwen satisfè egzijans lengwistik ki nesèsè pou li demontre li konpetan an angle nan diferan kontèks akademik.	

Ki MOUN KI BAY EGZAMEN AN EPI KI KORIJÈ L?

Se edikatè kalifye nan Eta Nouyòk ki bay Egzamen NYSITELL la epi ki korije l.

SI PITIT MWEN GEN YON PLAN EDIKASYON ENDIVIDYALIZE (IEP an angle), ESKE Y AP FÈ SÈTEN AKOMODASYON POU LI LÈ L AP PRAN EGZAMEN NYSITELL LA?

Wi, y ap fè sèten akomodasyon pou elèv ki gen yon IEP lè y ap pran egzamen NYSITELL la. Pale ak pwofesè piti ou pou jwenn enfòmasyon sou akomodasyon piti ou sipoze genyen.

KI SÈVIS PITIT MWEN DWE JWENN YON FWA YO IDANTIFYE L KÒM YON ELÈV K AP APRANN ANGLE OSWA YON ELÈV K AP APRANN NAN PLIZYÈ LANG (ELL/MLL an angle)?

Depi yo idantifye pitit ou kòm yon ELL/MLL, li gen dwa pou l resevwa: Edikasyon Bileng (Tranzisyonèl oswa pwogram De Lang) ak/oswa sèvis pou elèv K ap Aprann Angle Kòm Nouvo Lang (ENL an angle). Nivo konpetans pitit ou a ap detèmine kantite minit sipò (tan li pase nan klas) li dwe resevwa chak semèn. Gade tablo anba a pou jwenn enfòmasyon egzak sou kantite minit li dwe resevwa dapre nivo konpetans li nan lang angle.

Nivo	Klas K-8 Minit Enstriksyon ENL pa semèn	Klas 9-12 Minit Enstriksyon ENL pa semèn	Elèv Nan Pwogran Bileng
Antre (Debitan)	360 minit	540 minit	<ul style="list-style-type: none"> • 1 kou kominikasyon nan lang matènèl • Minimòm 2 matyè debaz bileng
Emèjans (Entèmedyè Fèb)	360 minit	360 minit	<ul style="list-style-type: none"> • 1 kou kominikasyon nan lang matènèl • Minimòm 2 matyè debaz bileng
Tranzisyon (Entèmedyè)	180 minit	180 minit	<ul style="list-style-type: none"> • 1 kou kominikasyon nan lang matènèl • Minimòm 1 matyè debaz bileng
Ekspansyon (Avanse)	180 minit	180 minit	<ul style="list-style-type: none"> • 1 kou kominikasyon nan lang matènèl • Minimòm 1 matyè debaz bileng

ON FWA MWEN JWENN REZILTA EGZAMEN YO, KÒMAN MWEN KA EDE PITIT MWEN LAKAY?

- Li pou pitit ou nan lang matènèl li/lang ou pale lakay ou ak/oswa an angle (rechèch yo fè demontre lè ou li pou pitit ou nan lang ou pale lakay ou, sa ede li devlope ladrès nan lang angle).
- Rakonte pitit ou istwa nan lang matènèl/lang ou pale lakay ou.
- Ale nan bibliyotèk epi prete liv odyo nan lang matènèl/lang ou pale lakay ou oswa an angle.
- Toujou ale nan reyinyon paran ak pwofesè yo fè nan lekòl la.
- Pran randevou ak pwofesè pitit ou pou jwenn enfòmasyon sou kijan ou kapab ede pitit ou reyisi lekòl.
- Chak jou rezeve on tan pou pitit ou fè devwa li e, si posib, chèche on kote ki trankil pou l travay san distraksyon.
- Planifye pou al nan mize. Mize yo gen gid ki kapab bay pitit ou enfòmasyon sou ekspozisyon yo.
- Mize ak bibliyotèk yo bay klas apre lekòl oswa nan wikenn a ba pri/oswa gratis.

Pou Kesyon ak enfòmasyon sou Pwogram ELL tanpri kontakte nou nan
nysparenthotline@nyu.edu
Liy dirèk paran: (800) 469-8224

Si ou gen lòt kesyon?

Tanpri voye kesyon oswa kòmantè nan
Biwo Edikasyon Beleng ak Lang Mondyal nan:
OBEFLS@nysed.gov
Oswa rele: 718-722-2445
Pou plis Enfòmasyon sou NYSITELL ale nan sit:
<http://www.p12.nysed.gov/assessment/nysitell/>

